

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data dina bab IV aya sababaraha hal anu bisa di cindekeun.

- 1) Kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII saméméh pangajaran ngaregepkeun ngagunakeun Modél *Word Square* nya éta acan mampuh kalawan skor rata-rata 53. Sedeungkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-C SMPN 2 Kasokandel sanggeus pangajaran ngaregepkeun dongéng ngagunakeun Modél *Word Square* nya éta geus mampuh kalawan skor rata-rata 81.
- 2) Aya béda anu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-C SMPN 2 Kasokandel Taun Ajaran 2012/2013 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Modél *Word Square* , hal ieu bisa katitén tina uji gain nya éta 28,66.
- 3) Uji hipotésis anu ngahasilkeun $t_{itung} > t_{tabel}$, nya éta $12,68 > 2,29$ bisa dicindekkeun yén hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak. Hal ieu nuduhkeun yén Modél *Word Square* éféktif dipake pikeun ngaronjtkeun ngaregepkeun dongéng ka siswa kelas VII-C SMPN 2 Kasokandel.
- 4) Dumasar kana jumlah siswa anu mampuh jeung teu mampuh nya éta pretés anu mampuh 6 siswa jeung anu can mampuh 24 siswa, ari postés anu mampuh 27 siswa jeung anu can mampuh 3 siswa.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil analisis data jeung kacindekan, aya sababaraha rékoméndasi pikeun lajuning laku panalungtikan Modél *Word Square* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng kahareupna.

- 1) Modél *Word Square* anu geus kabukti éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh ngaregep dongéng. Ku kituna, Modél *Word Square* bisa dijadikeun alternatif pikeun pangajaran ngaregepkeun, hususna ngaregepkeun dongéng.
- 2) Dina pangajaran ngaregepkeun ngagunakeun Modél *Word Square*, diusahakeun guru kudu taliti dina nangtukeun kecap-kecap anu teu dipikaharti ku murid tur dijieun dina wangun *Word Square*.
- 3) Perlu diayakeun deui panalungtik anu ambahanana leuwih lega lain ngan saukur di tingkat SMP, sangkan meunang kacindekan anu leuwih jembar sarta bisa digunakeun di sakabéh tingkatan sakola.

